

# Pwogram Bous detid EdChoice (Edchoice Scholarship Program) Fèy Enfòmasyon pou 2025-2026

## KISA PWOGRAM BOUS DETID EDCHOICE TRADISYONÈL (TRADITIONAL EDCHOICE SCHOLARSHIP PROGRAM) OHIO A YE?

Pwogram bous detid EdChoice la bay bous detid ke Eta a finanse pou elèv Kindègadenn rive nan 12yèm ane ki reponn ak kritè elijibilite yo. Bous la dwe itilize pou peye frè lekòl pou ale nan lekòl prive ki patisipe yo.

## KIYÈS KI ELIJIB POU APLIKE POU EDCHOICE TRADISYONÈL LA?

Elèv sa yo elijib pou aplike pou yon bous detid EdChoice tradisyonèl (Traditional EdChoice Scholarship):

- Elèv ki antre nan klas Kindègadenn rive nan 12yèm ane ki plase nan batiman lekòl publik EdChoice yo san konsidere kote yo te konn ale lekòl ane avan an;
- Moun ki enskri epi ki ale nan batiman lekòl publik EdChoice yo nan distri kote yo rete yo;
- Elèv ki gen frè ak sè ki te resevwa yon Bous detid tradisyonèl EdChoice tradisyonèl nan ane presedan an;
- Elèv ki te resevwa avan sa yon Bous Autism oswa Jon Peterson men pa kalifye ankò paske yo pa bezwen sèvis edikasyon espesyal yo ankò;
- Elèv ki se timoun adoptif yo;
- Elèv ki rezide nan yon mezon akèy ki agreye;
- Elèv ki plase avèk yon gadyen, gadyen legal oubyen lakay yon paran;
- Elèv ki rezide nan menm fwaye ak yon elèv ki te plase avèk yon responsab, gadyen legal oubyen lakay yon paran pou omwen 45 jou youn apre lòt;
- Elèv ki rezide nan fwaye yon lòt pou omwen 45 jou epi si li pa t ret la, li t ap sanzabri; oubyen
- Elèv ki abite nan yon fwaye ak yon elèv ki te sanzabri (gade kritè avan yo) pendar omwen 45 jou youn aprè lòt.
  - Elèv ki pa ranpli okenn nan kritè kalifikasyon anvan yo pou benefisyé pwogram EdChoice la
- Bous Detid Ekspansyon (Expansion Scholarship) si yo reponn ak kritè sa yo:
- Elèv la p ap viv nan Distri Lekòl Minisipal Cleveland nan (Cleveland Municipal School District); epi
- Soumèt revni fwaye a pou verifikasiyon.

## KIYÈS KI KONSIDERE KÒM YON FRÈ OSWA YON SÈ?

Nan revizyon aplikasyon yo, Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) ap itilize definisyon ki nan atik 3310.033 nan Kòd Revize Ohio (Ohio Revised Code) a:

“Frè ak sè” vle di nenpòt nan moun sa yo:

- a) Yon frè, demi frè, sè, oubyen demi sè pa nesans, maryaj, oubyen adopsyon;
- b) Yon kouzen pa nesans, maryaj, oubyen adopsyon ki rezide nan menm fwaye a;

- c) Yon timoun adopte ki rezide nan menm fwaye a, ki gen ladan yon timoun ki adopte pa fanmi akèy li a;
- d) Yon timoun ki rezide nan menm fwaye ki plase avèk yon gadyen oubyen gadyen legal;
- e) Yon timoun ki abite nan menm fwaye a epi se yon manm fanmi an ki ap okipe li;
- f) Nenpòt lòt timoun ki gen mwens pase dizwit an ki abite nan menm fwaye a pandan omwen karannsenk jou youn aprè lòt pandan dènye ane sivil la.

### **KILÈ YON FANMI DWE APLIKE?**

Peryòd aplikasyon pou pwogram Bous Detid EdChoice Tradisyonèl la ap louvri 1ye Fevriye 2025 epi li ap rete louvri jiska 30 Jen 2026. Fanmi yo dwe ranpli pwosesis enskripsyon/admisyon an nan lekòl prive k ap patisipe yo nan otòn 2025. Lè yo aksepte enskripsyon nan lekòl prive k ap patisipe a, fanmi yo ka chwazi ranpli aplikasyon an pou yon Bous EdChoice, lekòl prive a ap soumèt aplikasyon an atravè sistèm aplikasyon an sekirite sou entènèt.

### **KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU APLIKE POU BOUS DETID LA?**

Paran yo dwe bay lekòl prive a yon kopi akdenesans elèv la, yon kopi prèv adrès aktyèl li ki gen mwens pase 90 jou ak Fòmilè Demann Bous Detid (Scholarship Request Form) la pou aplike pou bous detid la. Lòt enfòmasyon, tankou yon lèt notarye, dokiman gadyen legal, oswa enfòmasyon sou swen adoptif, ka nesesè pou detèmine si yon elèv kalifye pou yon bous.

### **KONBYEN KÒB BOUS DETID LA AP YE?**

Montan Bous Detid EdChoice la aktyèlman se \$6,166 pou klas matènèl jiska 8yèm ane ak \$8,408 pou klas 9yèm ane jiska 12yèm ane. EdChoice ap peye swa montan bous detid la oswa montan reyèl frè eskolarite lekòl prive a, daprè montan ki mwens lan.

**REMAK:** Nenpòt aplikasyon ki soumèt aprè 14 oktòb 2025 ap resevwa yon montan ki ap ajiste selon kantite tan ki rete nan ane lekòl la aprè dat enskripsyon elèv la nan lekòl prive a.

### **ÈSKE PARAN/GADYEN YO DWE PEYE YON MONTAN LAJAN KÈLKONK?**

Montan bous detid la kapab sèlman itilize pou frè eskolarite yo. Paran yo ak/oswa responsab legal yo dwe toujou kapab peye frè enskripsyon yo, frè materyèl yo ak lòt tip frè ki sanble ak sa yo. Si frè lekòl prive a pi wo pase montan Bous EdChoice la epi fanmi an pa kalifye kòm fanmi ki gen revni fèb (nan oswa pi ba pase 200 pouzan Gid Povrete Federal la), fanmi an ka oblige peye diferans lan. Men, fanmi ki kalifye pou estati fèb revni yo pa oblige peye okenn frè eskolarite bous detid la pa kouvri. Pou yo ka konsidere fanmi an pou estati fèb Revni, fanmi an dwe soumèt revni kay la chak ane bay Depatman Edikasyon ak Mendèv la.

### **KÒMAN PARAN/GADYEN YO PRAL NOTIFYE SOU ESTATI APLIKASYON AN?**

Yo ap revize enfòmasyon ki nan aplikasyon an nan espas 14 jou. Lekòl prive a pral jwenn notifikasyon nan espas 14 jou si yo te idantifye divès erè oubyen lakin. Tanpri kontakte lekòl prive ou a pou tout kesyon konsènan aplikasyon an. Atribisyón bous detid yo ap fèt chak peryòd epi yo ap voye yon lèt atribisyón ak yon fòmilè akseptasyon bay paran yo/responsab legal yo atravè lapòs. Paran/Responsab Legal yo kapab kontwole aplikasyon elèv yo atravè [pòtay paran yo sou entènèt](#).

## **ÈSKE BOUS EDCHOICE LA KAPAB RENOUVLE?**

Wi, bous detid la kapab renouvle chak ane jiska 12yèm ane a toutotan elèv la:

1. Pa demenaje nan yon lòt distri lekòl piblik, amwens ke elèv la ta afekte ak yon lekòl piblik ke EdChoice te deziye nan nouvo distri elèv la (aplikab sèlman pou elèv ki te jwenn nan kòmansman yon bous baze sou yon batiman ke EdChoice te deziyen);
2. Pran tout evalyasyon ki rekòmande yo; ak
3. Pa genyen plis pase 20 absans ki pa jistifye pandan ane lekòl la.

Paran ki renouvle bous detid pitit pa yo dwe prezante yon kopi prèv adrès aktyèl la ki la depi mwens pase 90 jou ansanm ak Fòmilè Renouvèlman Bous Detid (Scholarship Renewal Form) la.

## **KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?**

Jwenn plis enfòmasyon konsènan EdChoice sou sit wèb Depatman an oswa kontakte [edchoice@education.ohio.gov](mailto:edchoice@education.ohio.gov).

Pwogram Bous ak Leson Patikilye Cleveland toujou disponib pou rezidan nan Cleveland Municipal School District. Jwenn plis enfòmasyon sou [pwogram Cleveland lan](#) sou sit wèb Depatman an.

*Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, reliyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#).*

*Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.*

*Gade Politik [Diskriminasyon Kont Andikap](#) Depatman an ak [Pwosedipou Plent nan Politik Diskriminasyon an](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite [ocrcas.ed.gov/contact-ocr](http://ocrcas.ed.gov/contact-ocr) pou jwenn adrès ak nimewo telefòn biwo ki ap bay sèvis nan zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481.*